

ASAL-USUL DUMADINE ARAN DESA ING KECAMATAN PULUNG KABUPATEN PONOROGO

NEILA NUR SAVITRI

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
neilasavitri@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Kecamatan Pulung minangka salah sawijine kecamatan sing manggon ing Kabupaten Ponorogo. Kecamatan kasebut minangka kecamatan sing kawentar babagan Raden Pakubuwono II lan para prajurite. Kecamatan iki uga minangka salah sawijine kecamatan kang kawentar babagan senine. Sethithik ngenani legendha desa ing Kecamatan Pulung, amung sithik para muda sing mangerteni. Kahanan iki ndadekake salah sijine alesan kanggo panliti uga upaya kanggo ndhokumentasekake arane desa lan crita asal usule desa ing Kecamatan Pulung minangka asetting budaya daerah ing Indonesia. Asil panliten iki nduweni paedah teoritis yaiku bisa aweh kawruh ngenani crita rakyat ing satengahé masyarakat. Dene paedah praktise bisa nambahi sumbangan wawasan ngenani sastra lisan kanggo pamaca.

Panliten iki nggunakake teori onomatologi. Teori onomatologi ing kene kanggo njentrehake ngenani asal lan makna saka papan panggonan. Konsep onomatologi uga nuduhake anane aspek teges, makna lan pangaribawa saka crita kang ana ing desa. Panliten iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Dhata sajrone panliten iki awujud dhata lisan lan non lisan. Sumber dhatane bisa diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*.

Asile panliten iki bisa kaperang dadi telung perangan. Perangan kapisan, mula bukane aran desa Kesugihan, desa Mungging, desa Patik, desa Pomahan, desa Pulung, desa Pulung Merdiko, desa Singgahan, desa Wagir Kidul, desa Wayang, lan desa Wotan. Perangan kapindho, teges lan makna aran desa ing Kecamatan Pulung kang wis klebu sajrone konsep Onomatologi. Perangan katelu, pangaribawane aran desa-desa tumrap generasi muda, dewasa lan tuwa lumantar wawancara kang wis katindakake panliti.

Tembung wigati : legendha, aran desa, onomatologi.

BAB I

PURWAKA

Panliten iki ngrembug babagan *Asal-usul Dumadine Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo*. Ing bab iki bakal diandharake babagan lelandhesan panliten, underane panliten, tujuwan njupuk panliten kasebut, paedah panliten lan panjlentrehe tetembungan. Babagan kasebut kaya andharan ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Sejarah lokal ngemot pangerten, yen samubarang sing nduweni crita utawa prastawa sing nduweni kedadeyan ora mung ngemot saben dhaerah lan ora ngrembaka ing dhaerah liyane. Sejarah kang ngenani dhaerah ngemot wiwitane dhaerah kasebut kaya asal-usule dhaerah sing gegayutan nganti ngrembakane dhaerah kasebut ing sabanjure. Saben wilayah ing Indonesia nduweni karakter sing beda-beda. Bab kasebut disebabake amarga saben wilayah ing Indonesia kabentuk lumantar sejarah sing beda-beda. Ora liya uga kabudayan, sing nduweni *proses* crita sejarah sing dawa amarga sejarah lokal kasebut nduweni crita *komplek* sing nduweni maneka aspek saka sakabehe pengalaman ing jaman

biyen, aspek kasebut saka aspek sosial budaya, *politik*, agama, *teknologi*, *ekonomi* lan liya-liyane sajrone wilayah kang tartamtu.

Kabudayan minangka *identitas* sawijining bangsa. Saben bangsa nduweni kabudayan kang maneka warna. Salah sijine bangsa Indonesia. Kabudayan ing Indonesia dumadi saka pirang-pirang kabudayan, ing antarane kabudayan dhaerah, kabudayan lokal, lan kabudayan nasional. Kabudayan nasional mujudake kabudayan kang awujud kabudayan-kabudayan dhaerah kang ana ing Indonesia. Kabudayan dhaerah iku mujudake kabudayan kang nduweni dhaerah-dhaerah tartamtu, kang bisa diarani kabudayan lokal yaiku kayadene kabudayan Jawa kang wujud maneka warna.

Kabudayan Jawa kasebut nduweni wilayah kang amba, sabanjure Koentjaraningrat (1984:25-29) ngandharake yen wong Jawa iku sadhar marang ananing *kaanekaragaman* kabudayan kang sipate regional saka tlatah Jawa Tengah lan Jawa Wetan.

Miturut Koentjaraningrat, kabudayan nduweni wujud cacah telu, yaiku sing kapisan wujud minangka *kompleks*

saka anane pamikiran, panemu, nilai-nilai, tata aturan kang arupa adat istiadhat, lan umume asipat abstrak; kapindho wujud kabudayan minangka *kompleks aktivitas* lan lelakon kanthi pola saka anane manungsa ing sajrone masyarakat katon saka anane tumindak lan basa ing urip sadina-dina kang digunakake masyarakat; kang katelu wujud kabudayan minangka barang material asiling saka manungsa.

Danandjaja (1984:2) ngandharake folklor yaiku perangan kabudayan sawijining *kolektif* kang sumebar lan diwarisake kanthi cara tumurun, antaraning maneka *kolektif* kanthi cara *tradisional* ing versi kang beda sing wujud bisa arupa tulisan utawa patuladhan kang kairing *gerak isyarat* utawa piranti kanggo pangeling-eling. Folklor uga bisa diperang dadi telu yaiku, (1) folklor lisan, (2) folklor separo lisan, (3) folklor dudu lisan (ing Dananjaja, 1984: 65-75).

Hutomo (1991:1) ngandharake folklor lisan yaiku kasusastran sing nyakup kasusastran warga sawijine kabudayan sing disebarake kanthi cara tumurun lumantar omongan. Sajrone folklor lisan ana kang diarani crita rakyat. Crita rakyat minangka perangan saka folklor lisan, yaiku kasusastran kang isine ngandhut ekspresi kasusastran rakyat kang dicritakake saka lisan siji lan sijine (*dari mulut ke mulut*) (Hutomo, 1991:1).

Crita rakyat lair, urip, lan ngrembaka ing masyarakat kanthi wujud lisan, tumurun lumantar omongan. Crita kasebut nyritakake prastawa kang wis kedadeyan utawa dipitayani nate kedadeyan ing sawijine papan panggonan kang tuwuh crita. Prastawa-prastawa kang wis kedadeyan lan dianggep wigati dening masyarakat banjur dieling-eling kanthi wujud jeneng utawa aran, bisa aran barang, papan panggonan lan uga manungsa. Sakabehing jeneng utawa aran kasebut nduweni teges, senajan nduweni asal lan motif utawa tujuwan kang seje-seje, ana kang nduweni tujuwan minangka piweling anane kedadeyan, pangarep-arep, utawa bisa uga mung tandha (Suyono, 1990:123). Salah sawijining aran tradisional papan panggonan sing wigati dirembug yaiku Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo.

Kecamatan Pulung minangka salah sawijine kecamatan sing manggon ing kabupaten Ponorogo. Kecamatan Pulung manggon ing sisih wetan kutha Ponorogo, nduweni sawijining unsur budaya arupa lisan yaiku legendha. Ana saperangan legendha kang isih ngrembaka lan narik kawigaten kanggo diteliti luwih njero salah sijine yaiku asal usul arane papan panggonan ing Kecamatan Pulung. Kecamatan kang nduweni crita asal-usul yaiku sakabehe desa ing Kecamatan Pulung, yaiku: Desa Bedrug, desa Banaran, desa Bekiring, desa Kesugihan, desa Karangpatihan, desa Mungging, desa Patik, desa Plunturan, desa Pomahan, desa Pulung, desa Pulung Merdiko, desa Sidoharjo, desa Singgahan, desa Serag, desa Tegalrejo, desa Wagir kidul, desa Wayang, lan desa Wotan. Saben desa kasebut nduweni crita asal-usul sing ana gegayutane karo kahanan sing ana ing wilayah iki. Nanging ora kabeh desa nduweni aran kang wigati kalebu ing panliten iki, sing miturut panliti wae

sing bakal diteliti lan ana gegayutane tumrap titingan sing dienggo panliten.

Crita rakyat perlu disimpen supaya ora kagiles pangrembakane jaman amarga ing jaman sing saya ngrembaka kaya saiki nom-noman wiwit ninggalake crita-crita dhaerahe. Durung ana panliten khusus kang njlentrehake ngenani asal usul saka arane desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo. Crita-crita iki amung kasimpen ana ing *memori* para sepuh desa, saengga wis sithik para muda kang mangerteni. Kahanan iki ndadekake salah sijine alesan kanggo panliti nganakake panliten ngenani asal usul arane desa ing dhaerah Kecamatan Pulung, lan uga usaha kanggo ndhokumentasikake crita asal usul arane desa ing kecamatan Pulung minangka aset budaya dhaerah ing Indonesia mligine kutha Ponorogo.

Underane Panliten

Kanthi lelandhesan panliten kang wis kajlentrehake kasebut, underan panliten kang bakal diandharake panliten, yaiku:

- 1). Kepriye mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo?
- 2). Kaya apa wujud pangrakite tembung lan maknane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo?
- 3). Kepriye pangaribawane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo tumrap wargane?

Ancase Panliten

Adhedhasar underan panliten sing wis diandharake mau, mula tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Njlentrehake wujud mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo.
- (2) Njlentrehake pangrakite tembung lan maknane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo.
- (3) Njlentrehake pangaribawane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo tumrap wargane.

Paedahe Panliten

Sakabehing panliten kang dilakoni mesthi wae nduweni tujuwan sing apik, yaiku supaya bisa menehi paedah marang bebrayan agung. Paedah sing bisa dijupuk saka panaliten iki yaiku:

- (1) Paedah Teoritis
Paedah teoritis panliten iki kaajab bisa nambahi kawruh ngenani crita rakyat sing ana ing satengahe masyarakat utamane masyarakat ing sajrone Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo.
- (2) Paedah Praktis
Panliten iki nduweni paedah sing bisa menehi sumbangan wawasan ngenani sastra lisan kanggo pamaca. Supaya bisa nguri-uri anane kabudayan Jawa ing satengahe *globalisasi* tumrap *generasi* nom-noman mligine, lan bebrayan agung umume.

Panjentrehe Tetembungan

Panjentrehe tetembungan iki nduweni pangajab supaya ora ana lupute pamawas sajrone panliten. wujud tetembungan sing kerep digunakake sajrone panliten iki, ing antarane yaiku:

- (1) Kabudayan yaiku sakabehe gagasan, rasa, sarta olah ciptaning manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake lan dilakoni kanthi cara sinau. (Koentjaraningrat, 1987:9).
- (2) Legendha yaiku crita prosa rakyat sing dianggep minangka sawijine kedadeyan sing wis nyata tau kedadeyan (Danandjaja, 1984:66).
- (3) Desa yaiku gegrombolane pomahan ing sanjabaning negara sing luwih gedhe tinimbang dhukuh (Poerwadarminta, 1939:67).
- (4) Kecamatan yaiku wewengkon bawahing camat (KBBI, 2008:255).
- (5) Kabupaten yaiku wewengkon bawahing bupati (Poerwadarminta, 1939:179).

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ing bab II iki bakal diandharake babagan wawasan kapustakan sing bakal ditindakake sajrone panliten. Konsep sing gegayutan karo punjere panliten yaiku, 1) konsep kabudayan, 2) konsep legendha, 3) konsep onomatologi, 4) teori semantik, lan 5) landhesan teori, sing gegayutan karo irah-irahan "*Asal-usul Dumadine Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo*".

Panliten Saemper

Sadurunge panliten iki kelaksanan, ana panliten kang saemper kang wis ditindakake ing antarane yaiku skripsine Suhandayati, Sri (2011) kanthi irah-irahan *Jeneng Desa ing Kecamatan Pilangkenceng Kabupaten Madiun*. Panliten iki nggunakake tingingan onomastis sing dianggo medhar jeneng desa ing kecamatan Pilangkenceng Kabupaten Madiun. Panliten iki ngandharake mula bukane jeneng desa, fungsi, lan wujud pangawaribawa ala lan becik tumrap generasi tuwa lan enom. Konsep teori sing dianggo medhar fungsi sajrone crita nggunakake teorine Bascom.

Skripsine Munazar, Asrul (2019) kanthi irah-irahan *Penamaan "LUM" Pada Kelompok Masyarakat Dinamisme Di Bangka Bagian Utara: Sebuah Tinjauan Semantik Pragmatik* ngandharake yen jeneng dhiri sing sipate konotasi *negatif* ora mung sewates jeneng manungsa nanging uga jeneng ing samubarang klompok utawa organisasi. Njenengake "lum" diteliti miturut kajian semantik pragmatik.

Panliten iki beda karo panliten sing wis ana sadurunge, sing mbedakake yaiku objek kang diteliti lan nggunakake tingingan kang beda saka panliten

sadurunge. Sajrone panlien iki nggunakake teori onomatologi. Saka teori onomatologi bisa diwujudake mawa panliten iki kanthi irah-irahan *Asal-usul Dumadine Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo*, sing ngandharake ngenani asal usul aran papan panggonan desa sing ana Kecamatan Pulung lan Fungsi saka aran desa kasebut.

Konsep Kabudayan Jawa

Kabudayan yaiku saperangkat aturan utawa norma kang diduweni bebarengan lan yen dilaksanakake dening masyarakat panyengkuyunge bisa tuwuh tata laku anggotane dianggep layak lan bisa ditrima. Kabudayan ditegesi minangka pawujudan panguripan saben manungsa lan saben kelompok kang ngupaya ngolah lan ngowahi alam saengga bisa mbedakake manungsa lan kewan. Konsep kabudayan Jawa ing kene bakal diandharake kanthi mligi kabudayan Umum lan Jawa miturut panemu, lan uga Jenis Budaya miturut bentuk lan latar sosiale.

Konsep Kabudayan Umum lan Jawa

Kabudayan Jawa yaiku konsep-konsep ngenani bab apa wae kang ngrembaka sajrone alam pamikirane manungsa, kang dianggep nduweni nilai, nduweni aji, lan wigati tumrap panguripane wong Jawa saengga bisa nduweni fungsi minangka sawijine pedhoman panguripan kanggo masyarakat Jawa (Koentjaraningart, 1990:203-204).

Manungsa iku nduweni cipta, rasa lan karsa kang bisa nuwuhake ide-ide kanggo pawujudane. Kabudayan yaiku asale saka basa sansekerta *buddayah*, yaiku bentuk jamak saka *buddhi* kang nduweni teges *budi* utawa *akal*, saengga ka-budayan iku bisa diwenehi teges "babagan kang ana gegayutane marang budi lan akal" (Koentjaraningrat, 1987:9). Dadi kabudayan yaiku asile budi utawa akale manungsa kanggo nggayuh kasampurnane urip. Kabudayan yaiku sakabehe gagasan, sarta olah ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake, dilakoni kanthi cara sinau migunakake simbol-simbol arupa ukara lan sistem pirantine (Koentjaraningrat. 1987:1).

Jinis Budaya

Jinis budaya ing kene kaperang dadi loro yaiku (1) Budaya bentuk, lan (2) Budaya latar sosial.

Budaya Bentuk

Miturut Suwarni, dkk (2011:6-7) wujud kabudayan iku maneka warna, sing kapisan yaiku,

bebrayan Jawa minangka bebrayan sing nduweni budaya *hiterogen* uga nduweni telung wujud kabudayan. Saliyane iku ana salah sawijine budaya ideal sing diwujudake ing budaya konkrit budaya: 1) kanthi wujud naskah sing disimpen ing musium lan ing omah-omahe bebrayan (mligine naskah pesisiran), (2) kanthi wujud tembang-tembang Jawa sing akeh direkam ing kaset, (3) adat-istiadat Jawa, minangka ide-ide utawa gagasan bebrayan Jawa. Wujud kapindho budaya Jawa sing diarani sistem nilai bebrayan Jawa sajrone sesambungan karo wong liya lan lingkungane tansah nganut pola-pola tartamtu adhedhasar adat tata lakune bebrayan Jawa. Pola-pola tartamtu sajrone pasrawungan iku adhedhasar adat tata lakune bebrayan Jawa in antarane yaiku: (1) wong Jawa kudu ngormati wong sing luwih tuwa, (2) ngucapake bab sing sipate nyinggung ati utawa *tabu* kayata ngucapake perangan kelamin ing umum, (3) wong Jawa yen mertamu kudu “kulanuwun”, (4) wong Jawa yen nampa sawijine barang kudu nggunakake tangan tengen. Wujud katelu yaiku budaya fisik, sakabehane asil fisik saka kagiyatan panggaweyan, lan karya manungsa Jawa.

Budaya Latar Sosial

Ihromi (1994:180) ngandharake kabudayan yaiku sakabehing tata cara oanguripan saka berbrayan babagan tata carane urip ing bebrayan kang dianggeo luwih luhur lan dikarepake. Sabanjure, miturut Ihromi (1994:180) nilai kabudayan nyakup saperangan aspek panguripane manungsa, kayata tumindake manungsa, sikap manungsa, lan kagiyatan-kagiyatan khas bebrayan tartamtu utawa kapitayan. Kabudayan yaiku cara mikir lan cara ngrasa kang nyatakake dhiri ing saben babagane urip sawijine ruwang lan wektu. (Suparli, 1981:20)

Legendha Sajrone Budaya Jawa

Legendha sajrone Budaya Jawa diperang dadi 3, yaiku 1) Konsep Sajrone Budaya Jawa, 2) Jinis Sajrone Budaya Jawa, lan 3) Fungsi Sajrone Budaya Jawa, saka perangan katelu kasebut bakal diandharake kanthi cetha sing bisa dideleng ana ing ngisor iki.

Konsep Legendha Sajrone Budaya Jawa

Hutomo (1991:62-65) ngandharake crita rakyat sing diperang dadi enem, yaiku: (1) crita-crita biyasa (tales), (2) mitos (myths), (3) legenda (legend), (4) epic (epics), (5) crita tutur (ballads) lan (6) memori (memorates). Crita-crita biyasa yaiku

crita-crita sing dicritakake dening rakyat. Crita iki arupa crita jenaka, crita panglipur lara, crita kewan lan crita dianggo bocah (dongeng). Crita-crita biyasa nduweni guna dianggo ndhidhik, dening bebrayan crita iki isih dipercaya nanging kapercayane beda tumrap legenda lan mitos. Mitos yaiku crita ngenani dewa-dewa lan pahlawan-pahlawan sing dipuja-puja. Mitos uga diarani crita suci sing nyengkuyung sistem kapercayan utawa agama. Legenda yaiku crita sing dianggep minangka prastawa sejarah. Epik yaiku crita ngenani pahlawan sing gagah. Crita tutur yaiku crita sing disebarake kanthi cara dinyanyekake. Dene memori yaiku crita ngenani pawongan sing nduweni pengalaman akeh.

Jinis Legendha Sajrone Budaya Jawa

Bruvand (sajrone Danandjaja, 1984: 67-75) ngandharake legendha bisa diperang dadi papat yaiku (1) legendha kegamaan (*religious legend*), kang kalebu legendha keagamaan yaiku legendha-legendha wong suci banjur ngenani kasekten, wahyu, donga lan kaul kajat sarta legendha saka kitab suci, (2) legendha alam ghoib (*supernatural legend*), wujud legendha iki biyasane arupa crita kang dialami sawijining wong, (3) legendha perseorangan (*personal legend*) yaiku crita ngenani paraga-paraga tartamtu kang dianggep tau kedadeyan, (4) legendha setempat (*local legend*), kang keblebu ing golongan iki yaiku crita kang ana gegayutane karo sawijining papan, jeneng lan wujud topografi (wujud permukaan sawijining dhaerah puthuk lan jurang).

Fungsi Legendha Sajrone Budaya Jawa

Jaman globalisasi karya sastra kang wujud legendha nduweni fungsi kanggo ngarahake ing arah kang luwih nduweni peranan kang wigati ing babagan pamangun yaiku dadi bahan masukan kanggo kahuripan panyengkuyunge. Legendha minangka salah sawijine wujud crita rakyat kang dibabarake kanthi basa lesan iku kerep diarani folklor lisan. Folklor lisan kalebu ing tintingan folklor awujud lisan miturut Hutomo (1991:8-9).

Folklor lisan mesthi nduweni piguna utawa guna tartamtu kanggo masyarakat panyengkuyunge. Guna kasebut bakal narik kawigatene masyarakat supaya tetep njaga lan ngugemi crita kasebut. Njaga lan ngugemi crita lisan iku sawijine wujud guna kanggo ngrembakakane

folklor lisan. Mula, anane folklor lisan tetep ngrembaka senajan masyarakat nduweni pamikiran kang luwih maju tinimbang konsep folklor kang *relatif* tradhisional.

Konsep Onomatologi

Crystal (1987) ngandharake yen ilmu ngenani aran-aran dhiri (*proper names*) yaiku Onomastik utawa Onomatologi, sing nduweni rong perangan yaiku *Antronomastik* lan *Toponomastik*. *Antronomastik* yaiku sing *fokus* kajiane babagan aran-aran wong (*personal names*), lan *Toponomastik* (*Toponomastics*) sing *fokus* kajiane ing babagan aran-aran papan panggonan. Miturut Crystal, sajrone nggoleki objek elmune Onomastik bisa manfaatake sudut pandang saka bidang ilmu sing beda-beda, kayata bidang linguistik, filsafat, sosologi, lan antropologi. Crystal (1987) uga ngandharake yen kanggo nyebutake ilmu ilmiah ngenani aran-aran dhiri (*personal names*), istilah Onomastik luwih kerep digunakake kanggo nggantekake istilah Antroponomastik. Dene istilah Toponomastik isih tetep digunakake kanggo nyebut ilmu ngenani aran-aran papan panggonan.

Luwih cetha maneh sing disampekake dening Lauder (2015:384), yen ilmu njenengi diarani uga Onomastik (Onomatologi), kalebu cabang ilmu linguistik bisa uga diarani linguistik *historis komparatif* lan Onomastik dhewe fokus ing asal-usul tembung utawa Etimologi uga makna ing suwalike aran. Onomatologi nduweni gegayutan karo tata basa, sintaksis, semantik, leksiko lan liya-liyane (KBBI, 2018). Onomatologi radaemper karo onomastis, bisa dideleng saka panjlentrehane sing beda. Danandjaja (1984:27) ngandharake Onomastis yaiku minangka wujud liya saka basa rakyat sing ngandharake jeneng dalam tradisional utawa papan panggonan tartamtu sing nduweni legendha minangka sejarah asal-usule papan panggonan kasebut.

Teori Semantik

Teori semantik kang dianggep wigati kanggo mangerteni kepriye maksud sajroning aran kang ana ing saben desa. Verhar (2001:9) ngandharake yen teori semantik iku teori ngenani teges. Teges iku dhewe yaiku perangan saka sistematikane basa kang tujuwane kanggo nggoleki teges. Ing kene aran desa uga kalebu salah sawijining perangan semantik amarga sajroning aran iku dhewe nduweni teges lan makna kang kudu dimangerteni kanthi nggunakake teori semantik.

Teges

Teges sajrone semantik kalebu ing salah sawijine satuwan semantik kang kalungguhane ngraket apa wae kang diomongne dening sapa wae. Anggone menahi teges iki uga maneka warna. Saussure (Chaer, 1994:286) ngandharake yen teges minangka konsep kang diduweni utawa ana tandha lingusitik. Aminuddin (1998:50) uga ngandharake yen teges iku gegayutan antarane basa karo sajabane kang disarujuki bebarengan dening kang nggawe basa kasebut, saengga bisa padha-padha ngerteni.

Makna

Makna sajrone semantik kalebu salah sawijine semantik kang kalungguhane padha karo maksud lan tegese. Para ahli basa ngandharake ngenani tegese makna iku dhewe. Miturut Pateda (2001:82), makna yaiku tembung lan tetembungan kang mbingungake miturut pamaca, nanging makna iku dhewe luwih cedhak karo tembung. Dene makna miturut Aminuddin (2003:85) yaiku sesambungan antarane basa karo donya kang ana sajabane basa, kang sesambungan iku dumadi saka pasarujukan antarane para panganggone, lan wujud makna iku bisa digunakake kanggo ngandharake *informasi* utawa pawarta saengga bisa dimangerteni dening sapa padha-padhane. Wijana (2011:17) ngandharake yen makna iku wujud kang nduweni sesambungan karo samubarang utawa bab kang ana ing sanjabane basa kang diarani *referen*.

Landhesan Teori

Landhesan teori yaiku saperangan teori sing digunakake dianggo nitingi lan nganalisis dhata sajrone asal-usul dumadine aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo. Dhasaring teori kasebut digunakake supaya objek kang diteliti lumaku kanthi tumata.

Fungsi legendha desa kang nggunakake panemune Hutomo (1991) kang merang fungsi folklor lisan dadi 8, nanging kang digunakake ing kene amung saperangan wae yaiku: 1) Minangka *sistem proyeksi*, 2) Minangka piranti panggulawentah bocah, 3) Kanggo menahi sawijining dalam becik marang masyarakat supaya luwih cetha tinimbang liyan.

Kang pungkasan, konsep Onomatologi nggunakake teori saka Crystal (1987), teori iki nyoba njlentrehake makna basa kang ana ing sajrone crita desa. Pangerten tumrap makna ora mung ana

sajrone simbol, nanging ngarani basa minangka teks.

BAB III METODHE PANLITEN

Ing bab III iki bakal njentrehake ngenani ancangan panliten, papan lan objek panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, lan teknik analisis dhata. Anane metodhe panliten nduweni tujuwan supaya panliten luwih tumata. Andharan kanthi jangkep bakal dijentrehake ing ngisor iki.

Ancangan Panliten

Ing panliten iki, panliti nggunakake ancangan panliten *dheskriptif kualitatif*. Metodhe iki digunakake amarga data sing diasilake awujud data tulis utawa lisan saka manungsa kang bisa dideleng. Panliten kualitatif yaiku panliten kang ngasilake prosedur analisis kang ora nggunakake prosedur analisis statistik utawa bisa diarani cara kuantitatif liyane (Moleong, 2009:6).

Objek lan Papan Panliten

Objek panliten yaiku folklor lisan kang awujud basa rakyat mligine ngenani asal usul arane desa sing ana ing wilayah Kecamatan Pulung. Panliti nduweni alasan kepengin niliti asal usul ing Kecamatan Pulung yaiku kepengin nuduhake marang bebrayan kepriye crita sajrone jeneng saben desa sing ana ing Kecamatan Pulung. Papan panggonan sing dadi objek ana ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo, nanging sajrone panliten iki ora kabeh desa ing wilayah kecamatan Pulung dadi objek panliten, mung saperang desa sing trep miturut panliten kalebu teori sing digawe. Alesan milih papan panliten kasebut amarga ing papan kene dipercaya isih ana gegayutane karo jamane Sunan Pakubuwono II.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku sumber sing bisa menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Sumber dhata bisa diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan sumber data *sekunder*. Sumber dhata *primer* ing sajrone panliten yaiku cetha tumuju ing sakabehe informasi saka informan ngenani legendha jeneng desa. Sumber dhata *sekunder*, yaiku diasilake saka tambahaning dhata kang nguwatake analisis tumrap panliten kasebut, kayata buku utawa andharan-andharan saka saperangan informan. Kabeh sumber dhata lan dhata-dhata iki wigati ing sajrone panliten amarga didadekake minangka cekelan ing sajrone ngandharake sakabehe asiling panliten.

Dhata

Dhata yaiku informasi kang diasilake saka sumber dhata. Dhata panliten iki awujud dhata lisan lan non lisan. Dhata lisan yaiku asil saka wawancara antarane panliti karo informan. Dhata non lisan yaiku asil saka ngamati mula bukane arane desa sing ana ing kecamatan Pulung. Dhata kasebut ngenani wektu, panggonan sing diamati kayata arane desa saka kecamatan, dhokumentasi kayata foto lan rekaman. Anane dhata bisa dadi bahan kang bakal luwih ditengenake nalika nindakake sawijining panliten. Ana

telung bab kang kudu digatekake nalika nitingi babagan dhata ing sajrone panliten, yaiku (1) *perspektif*, (2) *tekstualisasi*, (3) wujud makna (Maryaeni, 2005:60).

Instrumen Panliten

Sumber dhata sing wis ditemtokake perlu instrumen kanggo ngumpulake dhata. Instrumen panliten iki slaras karo tata carane ngumpulake dhata. Tata cara ngumpulake dhata sing digunakake, yaiku observasi, wawancara, angket, lan dhokumentasi. Saben tata cara ngumpulake dhata kasebut nduweni instrumen sing beda.

Instrumen panliten sing wigati yaiku daftar pitakonan sing arep ditakokake marang informan lan piranti panliten. ing panliten iki ditlisiki dhata kang ana gegayutane karo asal usul jeneng desa kasebut. Adhedhasar bab kasebut, piranti kanggo golek dhata yaiku 1) *kamera digital* kanggo njupuk gambar, 2) *handphone* kanggo ngrekam nalika wawancara, 3) nggawa daptar pitakonan nalika nindakake wawancara, 4) buku lan pulpen kanggo nyathet bab kang wigati nalika nindakake panliten. Nganakake panliten, nganalisis dhata nganti ngumpulake analisis kanthi wujud skripsi.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Dhata sing diolehi saka panliten iki arupa teks lisan, asiling wawancara karo informan. Teknik sing digunakake yaiku:

1. Obeservasi mujudake sawijining cara nglumpukake dhata kanthi nganakake pengamatan objek sing diteliti kanthi cara langsung utawa ora langsung. Observasi ditindakake sadurunge panliten ditindakake. Observasi sajrone panliten iki nggunakake observasi langsung yaiku ngamati kanthi cara langsung madhep marang gejala objek sing arep diteliti.
2. Wawancara yaiku omong-omongan kanthi maksud tartamtu, Wawancara ditindakake kanggo nambahi sarta njangkepi dhata kanthi cara ngorel saakeh-akehe informasi saka informan. Tujuwan saka wawancara iki nggoleki katrangan luwih akeh ngenani objek. Arikunto (2006:227) ngandharake yen wawancara kaperang dadi loro yaiku, *terstruktur* lan ora *terstruktur*. Wawancara *terstruktur* yaiku wis nyepakake pitakonan kanggo *informan* nalika takon ngenani dhata panyengkuyung kayata pitakonan dhata dhiri *informan*. Sing perlu diaspake yaiku awujud hp kanggo ngrekam, polpen, buku kanggo nyathet babagan kang durung jelas lan *kamera digital* kanggo moto babagan kang bisa nyengkuyung dhata. Dene wawancara ora terstruktur yaiku wawancara kang sadurunge ora nyiapake pitakonan kanggo *informan*. Wawancara iki ditindhakake nalika panliti takon ngenani crita asal usul jeneng desa.
3. Dhokumentasi yaiku nggoleki dhata babagan *variabel*, kang arupa cathetan, *transkrip*, buku, layang pawarta, prasasti, cathetan asiling *rapat*, *agenda*, lsp (Arikunto, 2006:231). Wujud dhokumentasi tumrap panliten kalebu wigati amarga asiling dhokumentasi iki bisa dadi tambahing kaprecayaning tumap asile panliten. umume sajrone panliten luwih nengenake babagan dhokumentasi kanggo nguwatake asiling panliten.

Teknik Analisis Dhata

Analisis diwiwiti panliten iki yaiku analisis struktur crita, fungsi crita, lan analisis budaya crita kang nduweni patang trap, yaiku: 1) *Transliterasi*, 2) *panglasifikasi* adhedhasar masalah kang wis ana, 3) analisis dhata, 4) dudutan.

Sawise dhata dikumpulake sakabehe dialihtulisake banjur dianalisis. Analisis dhatane kanthi langkah-langkah kaya ing ngisor iki:

- 1) Nyathet lan nglumpukake sakabehe dhata ngenani crita-cirta asal-usule desa saka perekaman lan nyathet. Saliyane kuwi, ing sajrone panliten uga dijlentrehake babagan *etnografi* desa kayadene babagan dhata kahanan desa kang arupa sejarah madege desa, kahanan alam, pendhudhuk, pangupajiwa, agama lan sistem religi masyarakat kang bisa dijupuk saka kantor balai desa lan kantor Kecamatan Pulung. Bab *etnografi* desa kang nduweni gegayutan raket karo anane crita asal-usul desa.
- 2) Panliten ditindakake lan asile dicathet saka sawenehing wawancara tumrap para pawongan kang ngerti ngenani crita asal-usul desa.
- 3) Dhata kang wis kalumpuk arupa dhata lisan banjur didadekake tulisan supaya bisa kawaca kanthi cetha lan sabanjure bisa ditliti.
- 4) Nafsirake dhata kang wis ana kanthi nggunakake teori onomatologi.
- 5) Ngandharake dhata luwih cetha adhedhasar analisis klasifikasi golongan crita, apa kalebu legendha, mitos, dongeng, apa mung othak-athik mathuk.
- 6) Saka andharan kang wis ana kang pungkasan banjur dijlentrehake bab dudutan babagan ringkesing isi panliten lan pramayoga babagan upaya kanggo pangrembakane crita asal-usul kasebut.

BAB IV

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Bab IV ngandharake, yaiku 1) Gegambaran Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo, 2) Arane desa, 3) Teges lan makna aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo, 4) Pangaribawa aran desa tumrap generasi muda, dewasa, lan tuwa. Andharan kanthi jangkep bakal diandharake ing ngisor iki.

Gegambaran Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo

Gegambaran Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo luwih dhisik diandharake sadurunge ngandharake asile panliten. Panulisan gegambaran Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo nyakup kahanan desa, struktur pamrentahan, pendhudhuk, pangupajiwa lan perekonomian, pendhidhikan, lan agama.

Kahanan Desa

Kecamatan Pulung yaiku salah sawijiing Kecamatan kang ana ing Kabupaten Ponorogo. Kecamatan iki ana ing sisih wetan saka kutha

Ponorogo. Kahanan ing Kecamatan Pulung iku sakabehe desa utawa dhusun iku nduweni topografi pegunungan. Kecamatan Pulung minangka salah sawijiing Kecamatan kang wis maju. Kecamatan kang jembare watara 127.55 km iki wewatesan karo Kecamatan Sokoo ing sisih kidul, banjur sisih lor wewatesan karo Kecamatan Ngebel, sisih wetan wewatesan karo kecamatan Pudak, lan pungkasan ing sisih kulon wewatesan karo kecamatan Siman.

Asa-usul Dumadine Aran Desa Ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo

Perangan iki arep diandharake ngenani crita mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo. Desa-desa ing Kecamatan Pulung iki nduweni crita mula buka sing wigati kanggo dirembug amarga mula buka aran desa kuwi nduweni crita sing maneka warna, mula bisa diandharake kaya ing ngisor iki.

Desa Kesugihan

Mula buka gegayutan karo Desa Kesugihan saka informan bisa dideleng saka andharan asil wawancara karo Pak Djumono ing ngisor iki:

(1)

Wiwitane desa kesugihan kuwi critane ana wong loro bebojoan yaiku Ki Dipokromo lan bojone, miturute wong biyen ning tegalane Ki Dipokromo iku ana wit kemiri sing gedhe banget lan dienggoni makhlus alus utawa setan Gendruwo sing sering dikenal kanthi jeneng Joko Sobra, Joko Sobra iku bisa mbantu kesugihane Ki Dipokromo. Uripe Ki Dipokromo sugih buanget nganti ora ukur-ukur amarga wis diwangi karo Joko Sobra. Mula lagi sepisan iku ana wong sugih nanging ora wajar, pungkasane desa iki diarani desa Kesugihan (miturut kepercayaan masyarakat Jawa, cara ngolehe bandha donya tanpa ikhtiar lan njaluk tulung marang dhemit utawa barang alus).” (L.D-1, H-86, B-1-7)

“Awalnya desa Kesugihan itu ceritanya ada dua orang suami istri yaitu Ki Dipokromo dan istrinya, menurut orang jaman dahulu di pekarangannya Ki Dipokromo itu ada pohon kemiri yang besar banget dan dihuni makhluk halus atau yang bisa disebut setan Gendruwo yang

sering dikenal dengan nama Joko Sobra, Joko Sobra itu bisa membantu kekayaannya Ki Dipokromo. Hidupnya Ki Dipokromo kaya sekali sampai tidak bisa diukur karena sudah dibantu oleh Joko Sobra. Olehnya baru pertama kali itu ada orang yang kaya tetapi secara tidak wajar, pada akhirnya desa ini diberi nama desa Kesugihan (menurut kepercayaan masyarakat Jawa, cara mendapatkan harta kekayaannya tanpa ikhtiar dan minta tolong dengan hantu atau makhluk halus)." (L.D-1, H-86, B-1-7)

Adhedhasar dhata (1) ing ndhuwur bisa disimpulake yen aran desa Kesugihan yaiku saka tembung sugih, sugih sing tegese ora mergawe nanging sugeh banget sing asile saka ora lumrah tumrap manungsa biasa. Kesugihan iki ing masyarakat njaba bisa diarani Pesugihan, sing artine padha kaya dene ing ndhuwur. Sugih sing diduweni manungsa iku ora mung sugih bandha, ana sing sugih ati, sugih welas asih, lan liya-liyane. Nanging desa Kesugihan iki nduweni pengarep-arep ing tembe mburine marang masyarakat, supaya tetep eling marang aran desa Kesugihan kang wis kondhang, banjur ora nglakoni kang kaya mangkono lan ora bakal nglakoni sing mikolehi bandha kanthi cara ora halal utawa kanthi cara pesugihan. Kamangka desa kesugihan iku nduweni lahan sing amba kanggo nandur tetanduran sing bisa didol ing pasar, ana pasar supaya masyarakat bisa ingkatakake perekonomian, desa Kesugihan uga nduweni masyarakat kang wis dadi pegawai kang makmur lan sukses. Masyarakat nduweni pengarep-arep kang gedhe yen desa Kesugihan iku kondhang amarga ora saka Pesugihan kaya ing jaman biyen nanging saka usahane masyarakat dhewe sing mikolehi dhuwit kanthi cara bener lan halal. Dadi bisa dideleng yen aran desa Kesugihan yaiku tetenger yen ing jaman biyen nate ana Ki Dipokromo kang mikolehi bandha kanthi Pesugihan utawa kanthi cara njaluk dhuwit marang dhemit Joko Sobra (Gendruwo).

Teges lan Makna Aran Desa Ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo

Teges minangka konsep kang nyawiji antarane maksud lan makna kang pungkasane bisa dadi teges kang cetha. Saliyane iku, teges uga ana sesambungane karo aran desa, amarga sajrone aran desa kasebut ngandhut teges kang jero. Dene makna uga ana sesambungane karo aran desa amarga sajrone aran desa iku ngandhut makna. Adhedhasar

cara ahli anggane negesi makna, ing kene panliti menehi pamawas ngenani makna yaiku sesambungan antara basa karo donya sanjabane basa kang wis disarujuki bebarengan karo paea panganggane basa lan wujud makna kang bisa digunakake kanggo ngandharake informasi utawa pawarta. Makna uga ana sesambungan karo aran desa kang sajrone aran kasebut ngandhut makna kang bisa digoleki kanthi cara maca kamus basa utawa takon marang wong kang ngerti aran desa iku dhewe.

Desa Kesugihan

(a) Teges :

Aran Desa Kesugihan iku asale saka tembung "Sugih" banjur oleh imbuan pa- -an. Ing kene sugih iku nduweni teges yaiku nduwe bandha akeh kanthi cepet lan ora mbutuhake wektu sing suwe. Tembung sugih oleh imbuan pa- -an dadi tembung Pesugihan, pesugihan ing kene nduweni teges sarana nggolek dhuwit (jimat,lsp) sing njalari bisa sugih ora saka asile makarya nanging saka njaluk tulung marang makhluk alus kang ora rupa. Katrangan kasebut bisa dideleng saka cuplikan wawancara karo Pak Djumono kaya ing ngisor iki :

"...uripe Ki Dipokromo sugih buanget nganti ora ukur-ukur sing wis diwangi karo Joko Sobra, pungkasane desa iki diarani desa Kesugihan (miturut kepercayaan masyarakat Jawa, cara ngolehe bandha donya tanpa ikhtiar lan njaluk tulung marang dhemit utawa barang alus)".(Pak Djumono, L.D-1, Hal-86)

Saka andharan ing ndhuwur bisa disimpulake yen aran desa Kesugihan iku saka tembung Sugih. Sugih sing tegese nduweni bandha akeh banget, nanging sing njalari sugih kanthi cara kang ora bener, njaluk tulung marang makhluk alus supaya cepet sugih utawa diarani Pesugihan. Saka crita jlentrehan kasebut, pungkasane desa kasebut diarani desa Kesugihan. Desa sing wis kondhang banget amarga ana padepokan kanggo latihan main gamelan, lan ilmu jiwa liyane.

(b) Makna :

Aran Desa Kesugihan iku nduweni makna saka uripe Ki Dipokromo sing mikolehi bandha donyane kanthi cara kang ora bener. Ki Dipokromo sing urip ing sisihe tegalan sing ana salah sawijine

wit kemiri gedhe lan dienggoni gendruwo. Gendruwo kasebut bisa aweh pitulungan marang Ki Dipokromo supaya cepet sugih. Kedadeyan kasebut isih sing pisanan ing desa iku, mula saka kedadeyan iku warga nduweni pengarep-arep lan dadi pangling-eling supaya ing dina tembe aja nganti ana kedadeyan sing kaya mangkono desa kasebut diarani Desa Kesugihan. Katrangan kang kaya mangkene bisa dideleng saka cuplikan wawancara karo Pak Djumono kaya ing ngisor iki:

"...Aran desa Kesugihan iku dadi kekarepan kang gedhe kanggo masyarakat kene, supaya mbesuke ora ana kedadeyan-kedadeyan sing kaya mangkono ing tembe mburine." (Pak Djumono, L.D-1, Hal-86)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dijupuk makna sajrone aran Desa Kesugihan yaiku wong kang kepengin sugih iku kudu sregep kerjo lan ikhtiare, aja milih dalam kang ora bener kaya sing ditindakake dening Ki Dipokromo. Dalam kang ditindakake Ki Dipokromo iku ora trep tumrap ajaran-ajaran agama kang awakdhewe anut. Dalam tumuju kasuksesan iku kudu ngupaya lan ikhtiar, aja lali tetep donga lan tetep eling marang Gustine kanggo nindakake samubarang pakaryan.

Pangaribawa Aran Desa Tumrap Generasi Enom, Dewasa, lan Tuwa

Pangaribawane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo tumrap para generasi enom, dewasa lan tuwa iki bisa awujud maneka amarga tingkat pendhidhikan lan kahanan masyarakate uga bisa menahi pangaribawa marang apa kang dimangerteni. Wujud pangaribawane aran desa iki bisa dideleng saka asile angket sing wis disebar lan dhatane luwih rinci bisa dideleng ing ngisor iki :

Desa Kesugihan

Tabel 5. Asile angket sing wis disebar ing Desa Kesugihan

No.	Generasi Desa Kesugihan	Jumlah wong	Tingkat pemahaman			Keterangan
			Pahaman	Setengah pahaman	Ora paham	
1.	Enom	5	-	1	4	Sing paham (0) Sing setengah paham (1) Sing ora paham (4)
2.	Dewasa	5	1	1	3	Sing paham (1) Setengah paham (1) Sing ora paham (3)
3.	Tuwa	5	3	2	-	Sing paham (3) Setengah paham (2) Ora paham (0)

1.	Enom	5	-	1	4	Sing paham (0) Sing setengah paham (1) Sing ora paham (4)
2.	Dewasa	5	1	1	3	Sing paham (1) Setengah paham (1) Sing ora paham (3)
3.	Tuwa	5	3	2	-	Sing paham (3) Setengah paham (2) Ora paham (0)

Saka angket kang wis disebar dening panliti nduweni pangaribawa tumrap para generasi sing isih ana nganti saiki, saka angket-angket sing wis disebar iku bisa disimpulake kanthi jlentreh lan cetha. Aran Desa Kesugihan iki miturut generasi enom akeh sing ora paham tinimbang sing paham. Saka generasi enom iki sing paham ngenani aran Desa Kesugihan iku 0 utawa ora ana sing paham ngenani asal-usul desa kasebut, sing setengah paham ngenani aran desa iki ana 1 wong, lan sing ora paham banget iku ana 4 wong. Saka generasi dewasa sing mangerteni ngenani aran desa Kesugihan iki ana 1 wong, sing setengah paham ngenani aran desa iki ana 1 wong, lan sing ora paham ngenani aran desa iki ana 3 wong. Dene saka generasi tuwa sing paham ngenani aran desa iki ana

3 wong, sing setengah paham ana 2 wong, lan sing ora paham ora ana. Bisa disimpulake yen akeh bocah sing ora mangerteni aran desane dhewe, akeh bocah sing wis ora merdulelake ngenani kasebut amarga ora kabeh bocah iku nduweni sipat pengin weruh lan ing jaman sing saya maju iki akeh bocah kang ora perduli ngenani asal usul desane. Dene generasi sing tuwa akeh sing isih paham lan setengah paham ngenani aran desane dhewe, amarga wong tuwa ing jaman biyen mangerteni dhewe kedadeyan iku sing bakal dieling-eling nganti tekan saiki. Saka wujud bisa dideleng kutipan ing ngisor iki :

"Inggih, kula nggih ngerti mbak ngenani jeneng desa niku, wong rumiyin mbah-mbah kula nggih nyritakake ning kula. Nggih mugimugi mboten kedadeyan malih sing kados rumiyin-rumiyin niku, nggih alhamdulillah sakniki nggih sampun ayem lan tentrem mbak." (Mbah Surti, L.D-13, Hal-99)

"Iya, saya juga tahu mbak mengenai nama desa itu, orang dahulu mbah-mbah saya juga menceritakan kepada saya. Yaa semoga tidak kejadian lagi yang seperti dahulu-dahulu itu, yaa alhamdulillah sekarang ya sudah aman dan tentram mbak." (Mbah Surti, L.D-13, Hal-99)

Saka kutipan wawancara ing ndhuwur bisa didudut yen aran desa iki isih dieling-eling nganti saiki. Pangaribawane aran Desa Kesugihan iki dibuktekake saka pawongan sing isih mangerteni tegese aran desane, amarga isih ana sing gelem nyritakake lumantar kacrita wayah kumpul-kumpul. Saka aran Desa Kesugihan iku nduweni pangaribawa ngenani tatanan desa kang saya suwe saya maju lan ayem tentrem. Desa sing bisa mujudake desa kang tentrem lan ayem ora bisa adoh saka tingkah laku kang dilakokake dening masyarakat, masyarakat sing gelem gotong royong lan guyub rukun marang sakiwa tengen bisa ndadekake kahanan kang adhem ayem lan tentrem kanthi salawase.

BAB V PANUTUP

Isine Bab V diperang dadi loro, yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga, diandharake ing ngisor iki.

Dudutan

Adhedhasar dhata sing wis diklumpukake lan andharan ing bab sadurunge bisa didudut asile

panliten. Dudutan sing bisa diandharake yaiku crita mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo minangka salah sawijine perangan folklor lisan lokal sing isih urip ing satengahe masyarakat jaman modern. Crita ngenani babad alas utawa mula bukane desa iki isih tetep ana ing saperangan warga senajan mung sithik lan ora akeh bab sing dimangerteni. Saperangan warga sing isih nyengkuyung lan ngugemi yen folklor lisan lokal ngenani crita mula bukane ara desa ing Kecamatan Pulung iki ngrembaka lan didadekake minangka sarana piwulangan budhi pekerti. Panliten ngenani mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung bisa dianalisis nggunakake teori semantik sing merang dadi loro yaiku teges lan makna.

Kanggo nggayuh tujuwan panliten, panliti nggunakake teori onomatologi lan teori folklor. Konsep Asal-usul Dumadine Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo nggunakake konsep saka Sudikan sing merang telung golongan kabudayan, yaiku kabudayan Suku Bangsa, Lokal, lan Nasional. Konsep legendha kasebut nggunakake konsep saka Bruvand merang dadi papat, yaiku legendha keagamaan (*religious legend*), legendha alam ghoib (*supranatural legend*), legendha perseorangan (*personal legend*), legendha setempat (*local legend*).

Asile panliten bisa diperang dadi telu adhedhasar underane panliten. Kapisan, mula bukane aran desa sing bisa dianalisis lara karo underane panliten mung sepuluh desa antarane Desa Mungging, Desa Wayang, Desa Kesugihan, Desa Pomahan, Desa Wotan, Desa Pulung, Desa Pulung Merdiko, Desa Patik, Desa Singgahan, lan Desa Wagir Kidul. Kapindho, wujud pangrakite tembung lan makna aran desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Ponorogo. Katelu, sajrone pangaribawane aran desa, sing kaperang saka pangaribawane generasi enom, dhiwasa, lan tuwa. Pangaribawa pendhudhuk tumrap asal usul aran desa dideleng saka umur. Umur pawongan jaman saiki ora nganti akeh sing wis seda, mula saka iku yen nliti asal usul aran desa rada angel babagan nggoleki informan. Para mudha jaman saiki ora ana sing ngerti bab critane asal usul desane dhewe jalaran para sesepuh ora nyritakake mula bukane aran desane. Para informan sing bisa mangusuli crita asal usul aran desa bisa dimangerteni saka

umur 50 taun mendhuwur, dene 50 mengisor mung sithik sing bisa mangsuli.

Pamrayoga

Panliten ngenani mula bukane aran desa iki mujudake panliten babagan folklor lisan sing mbutuhake anane pamrayoga amarga panliten iki isih adoh saka kasampurnan. Ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Kairing jaman sing saya suwe saya modern, akeh kabudhayan Jawa sing katindhes kabudhayan manca. Kanggo pangrembakane lan *eksistensi* folklor lisan lan lokal, utamane crita mula bukane aran desa ing Kecamatan Pulung sing mbutuhake panyengkuyung saka masyarakat supaya folklor lisan iki tansah kajaga kalungguhane ing satengahe masyarakat modern. Panliten ngenani mula bukane aran desa iki minangka salah sawijine tuladha kanggo nguri-uri kabudhayan Jawa lan folklor lisan, mula panliti nduweni pengarep-arep supaya isih ana sing nganakake panliyen babagan folklor lisan sarta aweh panyengkuyung turmap lumakune kabudhayan Jawa ing satengahe masyarakat modern.

KAPUSTAKAN

Aminudin. 1998. *Semantik*. Bandung: Sinar Baru.

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik (Edisi Revisi)*. Jakarta: Rineka Cipta.

Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan: sebuah pengantar*. Yogyakarta: Kanisius.

Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

Crystal, David. 1987. *The Cambridge Encyclopedia of Language*. (2nd edition)

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti Djambanan

Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. HISKI: Komisariat Jawa Timur

Kartikasari, Rino. 2014. *Legenda Desa Ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek (Tintingan Folklor)*. Surabaya: Skripsi

Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan dan Mentalitas Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.

Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi: Pokok-pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta.

Lantini, Indah Susi. 1996. *Refleksi Nilai-Nilai Budaya Dalam Serat Surya Raja*. Depdikbud. Jakarta: CV. Putra Sejati Raya

Lauder, F. Allan dan Lauder, R.M.T. Multamia. 2015. *Ubiquitous Place Names : Standardization and Study in Indonesia* dalam : Moeimam and Engelenhoven (eds), *Wacana Jurnal Ilmu Pengetahuan Budaya Vol. 16 No. 2*. University of Indonesia : Faculty of Humanities.

Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara

Moleong, Lexy J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Pateda. 2001. *Semiotik Leksikal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

Poerwadarminta. 1939. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Pratiwi, Zuhriyah. 2013. *Legendha Jeneng Desa Ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang*. Surabaya: Skripsi

Rahmani, Maria. 2016. *Legendha Jeneng Desa Ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto*. Surabaya: Skripsi

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress Dan Citra Wacana

Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung : Remaja Rosda karya.

Suhandayanti, Sri. 2011. *Jeneng Desa Ing Kecamatan Pilangkenceng Kabupaten Madiun (Tintingan Onomastis)*. Surabaya: Skripsi

Suyono. 1990. *Legenda Asal-Usul Nama Tempat Sebagai Bahan Untuk Penulisan Sejarah Lokal: dalam Bunga rampai Pelangi Bahasa dan*

Sastra Indonesia. Surabaya: FPBS IKIP
Surabaya

Teeuw A. 1998. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar
Teori Sastra* Bandung: PT Girimukti
Pusaka.

Verhar J.W.M. 2010. *Asas-asas Linguistik*. Yogyakarta:
Gajah Mada University Press.

Wijana, Dewa Putu dan Rohmadi, Muhammad.
2011. *Semantik Teori dan Analisis*.
Surakarta:Yuma Pustaka

[Http://www.glosarium.org/arti/?k=onomatologi](http://www.glosarium.org/arti/?k=onomatologi).

KBBI. Diakses: 06-02-2017.

